



SEPA

SÈLMAN OU

MENM



---

Ou ka gen anpil bagay pou w fè kounyeya. Epi li ka parèt yon ti jan pa klè.

Liv sa a gen kèk bagay k ap ede ou konprann sa k ap pase. Li gen enfòmasyon sou:

- bagay ki kapab pase aprè
- moun ou ka wè oswa pale
- fason pou w konprann sa w santi ak kòman pou w santi pi byen

Liv ti komik sa a rakonte istwa Nishan ak Lila—ki se adolesan ki te travèse kèk sitiyasyon. Kèk nan eksperyans yo fè ap diferan ak sa w ap travèse a, men gen kèk bagay ki ka ede.

Gen anpil fason pou w mande èd ak sipò.

Ou kapab kenbe liv sa a. Ekri ladan l, li l, fè nenpòt sa ou vle fè avè l. Nou swete li ede w.

Kèlkeswa sa k rive, ou dwe konnen ou pa poukont ou.

---

# **SA K NAN LIV LA**

---

**PATI 1** Nishan ap aji yon jan dwòl

5

**PATI 2** Nishan konprann sa k pral pase

19

**PATI 3** Lila ap demenaje

31

**PATI 4** Lila pale sou sa

35

**MO POU FINI**





65







# PATI 1




---


Nishan ap aji yon jan dwòl
























# **SA K PASE?**

---

Travayè sèvis sosyal yo te vini lakay Nishan pou yo konnen si li menm ak frè l la te an sekirite. Pifò kominote yo gen yon biwo ki gen responsabilite pou veye sou sekirite timoun epi asire yo reponn ak bezwen yo.

Si yon moun di yon timoun an danje, se travay yo pou yo konprann sa k ap pase, yo ka rele sa yon ankèt. Yo fè sa a pandan y ap pale ak fanmi ak lòt moun ki prè fanmi an.

Nan fen ankèt la, si travayè sèvis sosyal la panse timoun nan an sekirite, dosye a ap fini. Si travayè sèvis sosyal la panse fanmi a bezwen plis èd, l ap rankontre yo pou konprann ki kalte èd y ap bezwen.

---

**Èske w te déjà nan menm sitiyasyon avèk Nishan? Si wi, kòman w te santi w? Si se non, kòman ou panse w t ap santi w?**

**Nishan te mande tonton l sipò. Kiyès ou rele lè w bezwen sipò?**




# PATI 2

---

Nishan konprann sa k pral pase...

















# PRAN YON POZ

Li ka parèt pa klè, men lè w pran yon gwo souf li kapab ede w santi w pi kalm.

Ou kapab fè sa a nenpòt ki kote. Eseye fè l pwochen fwa ou santi w estrese oswa boulvèse.

Pran yon gwo souf dousman, konte  
1 – 2 – 3 pandan w ap plen vant ou avèk lè.



Après kenbe souf w  
pandan w ap konte 1 jiska 2.



Après respire dousman epi kite tout lè  
a sòti, w ap santi lestomak ou vid.

Refè sa twa (3) fwa.

Si sa ede w, ou ka eseye fèmen zye w  
pandan w ap respire oswa mete men  
sou vant ou pou w santi lè a k ap rantre  
ak sòti.



# **SA K PASE?**

---

Nan istwa Nishan nan, Travayè sèvis sosyal yo te kòmanse rankontre avèk manman I. Yo te ofri l divès kalte “sèvis” oswa èd, epi yo te ofri Nishan ak Samir konsèy.

Travayè sèvis sosyal yo rankontre fanmi yo pou konprann ki kalte èd y ap bezwen. Li kapab vle di pou yo pran yon kou, jwenn konsèy ki pou ede yo jere santiman oswa estrès yo, ede yo avèk bagay nan kay, oswa lòt bagay.

Travayè sèvis sosyal yo ap kontinye rankontre avèk fanmi an pandan tan sa a pou verifye kòman yo ye.

Si yo panse sèvis yo te ede epi kay la san danje, dosye a ap fini. Si sèvis yo pa ede oswa yo panse kay la toujou pa gen sekirite, fanmi an dwe ale nan Tribunal Familyal oswa Tribunal pou Timoun ki Abize oswa Neglige pou yo vini avèk yon plan.

---

**Nishan te aprann kèk nouvo bagay pou li fè lè l santi l estrese oswa boulvèse. Kisa ou fè jeneralman pou w ede w santi w pi byen lè w santi w estrese?**

**James te ankouraje Nishan konsantre l sou bagay li renmen fè. Kisa ou renmen fè ki fè w santi w kontan ak fò?**



# PATI 3

---

Lila ap demenaje





# **SA K PASE?**

---

**Lila gen pou l kite kay li pou l ap rete avèk grann li pandan dosye a ap kontinye**

**Si travayè sèvis sosyal yo panse yon timoun pa an sekirite, timoun nan gen pou li rete yon lòt kote jiskaske pa gen danje pou li retounen lakay li ankò. Yo ka rele sa a yon “Retire nan Kay.”**

**Li te rete avèk grann li. Gen lòt timoun ki ka rete avèk yon manm nan fanmi, yon zanmi fanmi a, oswa nan yon fwaye dakèy (foster care) avèk yon lòt fanmi, selon sitiyasyon yo.**

---

**Kijan w t ap santi w si w te nan plas Lila a?**

**Kisa w panse ki t ap itil pou Lila? Kisa k t ap itil pou ou?**

# PATI 4

---

Lila pale sou sa







# MISK YO KONSANTRE



Lè moun estrese, misk yo kapab vrèman sere.



Eseye pliye epi sere zòtèy ou yo, epi kenbe pozisyon an pandan w ap konte de (2) fwa. Aprèsa relache epi souke yo.



Aprèsa, sere pye w pandan w ap konte de (2) fwa. Epi lage I. Aprèsa pye w yo. Vant ou. Zepòl ou yo, bra, men, ak vizaj ou.



Aprèsa sere tout kò w yon sè I kou pandan w ap konte de (2) fwa. Aprèsa lage I.



# EKRI OSWA DESINE L


---

Ekri oswa desine kapab yon fason pou jere panse ak santiman w pou kapab mete yo deyò epi santi w kalm.

Si gen bagay ki twò difisil pou w di fò oswa gen twòp bagay k ap pase nan lespri w, eseye ekri yo, oswa annik desine sa k vin nan lespri w. Regle yon senk (5) oswa dis (10) minit, epi annik ekri oswa desine.

Si w gen yon jounal, ou kapab ekri oswa desine ladan I. Oswa ou kapab ekri ladan I tankou se yon lèt. Ou p ap gen pou pataje lèt la avèk pèsòn. Lè w eksprime tout sa w santi li kapab ede w konprann santiman w yo.

Oswa ou kapab ekri oswa desine nan espas sa a, si w vle.









# SÈK POU SIPÒ

Lila te gen anpil moun nan lavi l pou sipòte l. Grann li; terapis li, Madam Lopez; defansè dwa li , George; epi menm kòlèg travay li tout te ede l nan fason pa yo.

Li kapab itil si w raple tèt ou moun nan lavi w ou kapab mande èd.

Kiyès ki nan sèk pou sipò ou a?

















Semèn ki te vini aprè yo te yon ti jan nòmal...








# IMAJINE TRIBINAL LA

George te mennen Lila al gade sal lodyans lan, epi li te di l kiyès tout moun k ap nan sal la ye ak kote y ap chita.

Sal lodyans ou an ka diferan ak pa Lila. Ou kapab mande moun k ap travay sou dosye ou a pou li itilize desen anba a pou li montre w kiyès k ap ki kote si w dwe al nan tribunal.














Ou te vrèman byen reponn  
kesyon yo epi ou te pale fò lè w te  
di ou pa t sonje a. Kijan w santi w?

Bon. Mwen kontan l fini.

Ou te byen fè !! Mwen tèlman  
fyè, Mwen konnen sa a pa t fasil.





# PLANIFYE JOU W PRAL NAN TRIBINAL LA

---

George te montre Lila plizyè bagay li kapab fè pou li santi l mwens estrese, ak kèk bagay li kapab fè pou li prepare l pou tribinal la.

Georges te ankouraje Lila pou li fè yon plan pou jou li pral nan tribal la tou. Si ou gen pou temwanye, ou kapab itilize paj sa a pou planifye jou ou pral nan tribal la. Li kapab ede w santi w pi kalm epi gen plis konfyans.

## Prepare w

- Nan nuit lavèy jou an eseye byen dòmi.
- Eseye manje yon bagay anvan w ale nan tribal la. Lap ede w santi w pi byen epi jwenn enèji pou travèse eprèv la.
- Ou pa bezwen mete yon gwo abiman, men si w kapab mete yon bagay ki pi bèl pase lòt jou yo. Mete yon bagay ki fè w santi w byen.
- Gen anpil chans pou w rete tann anpil, poutèt sa pote yon bagay pou w li, jwe, oswa pou w fè pandan w ap tann.
- Si w gen yon bagay espesyal ki ede w santi w kalm, vini avè l.

## Lè w estrese

Si w santi w estrese, eseye youn (1) nan bagay sa yo:

- Eseye imajine kòman ou ta renmen reyaji si gen plizyè bagay ki pase. Li ka parèt san sans, men imajine kòman bagay yo pral pase kapab ede w santi w kalm.
- Pandan plizyè fwa, eseye pran yon gwo souf ak lage souf ou. Sa vrèman ede!
- Kontrakte misk yo epi relache yo. Fè sa a plizyè fwa.
- Si w kapab, fè yon ti mache oswa souke kò w pou w evakye kèk enèji anplis. Ou kapab eseye mache trè vit pandan kèk segonn, aprèsa pran yon gwo souf epi mache trè dousman pandan kèk segonn, aprèsa ale vit aprè ale dousman, rapid aprèsa dousman kèk fwa ankò.
- Si w gen yon priyè oswa yon chante espesyal ki enpòtan pou ou, eseye di l oswa chante l, swa byen fò, oswa nan kè ou ou.

## Jwenn sipò

- Panse ak yon moun ki kapab ede w konprann sa w santi a epi ki kapab ede w nan tribunal la.
- Èske gen yon defansè dwa moun, zanmi, oswa yon manm fanmi ki kapab vini nan tribunal la? Si w gen moun, ou kapab gade yo si w santi w estrese.

## Travèse move moman an

- Li kapab bon si w fè yon bagay ou renmen lè move moman an fini, tankou gade yon fim, manje yon manje ou renmen an, oswa pase tan avèk yon zanmi. Panse ak yon bagay w ap tann avèk enpasysans.

**Si w vle, ou kapab itilize lis anwo a pou ede w fè pwòp plan pou jou ou pral nan tribunal la.**

Bagay mwen pral fè pou prepare m:

Si mwen santi m estrese, mwen pral:

M ap pale sou sa m santi avèk:

Aprè, m ap fè yon bagay tankou:

# **SA K PASE?**

---

Lila ap viv avèk grann li pandan papa l kontinye avèk sèvis tribal la egzije epi l ap eseye fè kay la vin san danje.

Lè yon timoun pa kapab viv lakay li tankou Lila, tribal la ap kontinye voye je sou paran oswa responsab legal la pou asire yo y ap fè efò pou fè kay la vin san danje. Y ap voye je sou timoun nan pou yo asire yo li gen tout sa l bezwen pou li an sante.

Y ap travay sou yon “plan pèmanan” konsa timoun nan p ap rete nan yon sitiyasyon tanporè pandan twò lontan. Li kapab vle di travay pou timoun nan randre lakay li, oswa asire yo li gen yon lòt kote ki san danje pou l viv pou tout bon.

Pwosesis la kapab pran yon bon tan, li ka menm pran ane. Tribal la pral konsidere sa paran oswa responsab legal la vle ak sa timoun nan vle, men y ap gen pou konsidere lòt bagay k ap pase nan lavi yo ak sitiyasyon yo.

Tout pwosedi a ap fini lè tribal la panse li san danje pou timoun nan retounen lakay li ankò, oswa lè timoun nan gen yon lòt kote definitif pou li viv.

---

**Si ou ta dwe rete lwen lakay ou pandan yon tan, kisa k t ap enpòtan pou w genyen oswa pou w fè?**

# **MO POU FINI**

---

Istwa Nishan ak Lila a montre kèk bagay ki kapab pase nan sistèm pwoteksyon timoun ak tribunal familyal oswa pou timoun ki viktim abi ak neglijans. Eksperyans pa w la ka diferan ak pa yo a paske gen anpil bagay ki kapab pase. Men plis ou okouran, plis w ap pare ak plis pouvwa w ap genyen pou w mande bagay ou vle oswa w bezwen.

Ou kapab pale sou sa k pase a. Pinga w pè mande èd, poze kesyon, ak jwenn enfòmasyon sou dwa w gen nan tribunal la.

---

Pwojè ki rele Materyèl pou Timoun ki Temwen nan Sant pou Inovasyon nan Tribunal (Center for Court Innovation's Child Witness Materials) se yon kolaborasyon ant Sant pou Inovasyon nan Tribunal ak Sant pou Pedagoji Iben (Center for Urban Pedagogy), epi se akò pou kowoperasyon #2016-VF-GX-K011, Etazini akòde k ap sipòte l. Depatman Jistis, Biwo pou pwogram Jistis, Biwo pou viktim krim. Opinyon, rezulta, ak konklizyon oswa rekòmandasyon ki eksprime nan dokiman sa a sòti nan kontribitè sa yo epi li pa nesesèman reprezante pozisyon ofisyèl oswa politik Etazini. Depatman Jistis.

Sant pou Inovasyon Jidisyè (Center for Court Innovation) travay pou kreyasyon yon sistèm jidisyè pi efikas ak imen pandan l ap fè rechèch oriijinal ak ede lanse refòm toupatou nan mond la.

[www.courtinnovation.org](http://www.courtinnovation.org)

Sant pou Pedagoji Iben se yon òganizasyon san bi likratif ki itilize pouvwa desen ak zèv da pou ogmante yon angajman sivik ki enpòtan, nan patenarya avèk kominate ki istorikman majinalize.

[www.welcometoCUP.org](http://www.welcometoCUP.org)

Ilustrasyon: Ryan Hartley-Smith

Desen: Anabelle Pang

Sant poun Inovasyon nan Tribunal la rekonesan pou moun ki patnè pwojè a ak pati ki enterese yo; ak timoun, responsab swen, ak moun ki ap patisipe nan sistèm jistis toupatou nan peyi a ki kontribiye nan devlopman pwodui sa a.

NCJ 300649

Biwo pou viktim kriminalite angaje l pou li ranfòse kapasite nasyon an pou ede viktim krim yo ak bay yon lidèchip nan chanjman atitud, politik, ak pratik yo pou li fè pwomosyon jistis ak gerizon pou tout viktim krim yo.

[www.ovc.ojp.gov](http://www.ovc.ojp.gov)

Biwo pou Pwogram Jistis la se yon ajans federal ki bay lidèchip federal, sibvansyon, fòmasyon, asistans teknik, ak lòt resous pou ogmante kapasite nasyon an pou prevwa ak redui krim, asiste viktim yo, epi amelyore eta de dwa pandan l ap ranfòse sistèm jistis penal ak pou jenn yo. Sis (6) biwo ki nan pwogram la—Biwo pou Asistans Jidisyè, Biwo pou Estatistik Jidisyè, Enstiti Nasyonal pou Jistis, Biwo pou Viktim Krim, Biwo Jistis pou Jenn ak Prevansyon Delenkans, ak Biwo ki la pou Detèmine Santans Delenkan Seksyèl yo, siveye, arete, anrejistre ak suiv yo—sipòte efò k ap fèt pou goumen kont kriminalite nan nivo lokal ak nan Eta a, finanse milye pwogram sèvis pou viktim, ede kominate yo jere delenkan seksyèl, reponn ak bezwen jenn yo nan sistèm la ak timoun ki an danje yo, ak bay done ak rechèch ki vital.



Office for Victims of Crime  
**OVC**



